

**ДÆХЕЦÆН ДÆ ЦАРДИ ЦИ АРГЪ КÆНАЙ, УÆХÆН АРГЪ ДИН КÆНДЗÆНÆНЦÆ АДÆМ ДÆР!..**

***ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Фиццагидæр уой зæгъун гъæуй, æма æхсардзийнадæ æрдзæй рахæсгæ менеуæг нæй. Е адæймаги уодиконди гъомбæлгонд цæуй, иннæ уодварнон-тугъдон фæткитæ куд гъомбæлгонд цæунцæ, раст гъе уотæ. Уомæ гæсгæ ба еугур мадзæлттæй дæр архайун гъæуй, цæмæй си фæххайгин уай...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№15 (984) 2025 анзи 26 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**БИАЗÆРТИ Михаили фурт Амурхан (1912-1992)**



**БИАЗÆРТИ Михаили фурт Сергей (1919-1938)**



**БИАЗÆРТИ Михаили фурт Цæрай (1910-...)**



**ТÆХЪУЛТИ Тæтæрхъани фурт Урусхан (1913-1980)**

## АРФÆ КÆНÆН!..



### «АДÆМИ СÆРБÆЛ МАХ КУ НÆ ДЗОРÆН, УÆД КА?..»

Цæгат Иристони культури косгути республикон профцæдесон организацийæн æрæги адтæй 26-аг дзуаппон-æвзарæн конференций. Уоми хатдзæгтæгонд æрцудæй евгъуд фондз анзей дæргъи архайдæн, иснисан кондтонцæ, идарддæр ци фарстатæ æнхæсткæнуйнаг æнцæ, уони.

Конференций республикон организаций сæрдарæй фондз анзей æмгъудæй нæуæгæй æвзурст æрцудæй **Годжиати Хасани кизгæ Еленæ**.

Еленæ каст фæцæй Астрахани паддзахадон консерватори æма Мæскуй Фæллойнæ æма социалон рахастдзийнæдти академи. 2005 анзæй 2020 анзей уæнгæ куста Культури косгути еугуруæрæсеуон профцæдести цæгатиристойнаг республикон организаций сæрдари хуæдæййевæгæй. 2020 анзæй нуриуæнгæ адтæй æ сæрдар, æма бабæй нур нæуæгæй æвзурст æрцудæй еци бунатмæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй газет «Дигорæ»-йи редакций косгутæ дæр æнцæ аци профцæдеси иуонгтæ. Берæ æнзти дæргъи еумæйагæй æмгуст кæнæн. Уæлдай боз ан Годжиати Еленæй, еудадзуг нæбæл æновуд ке æй, уой туххæй. Уомæ гæсгæ ба ин уæлдай æхцæуæнæй арфæ кæнæн, нæуæгæй бабæй нæ профцæдеси разамонæгæй æвзурст ке ’рцудæй, уой фæдбæл. Нæ зæрдæ ин зæгъуй, цæмæй ин æ ахсгиаг кусти никки фулдæр бантæса, мах ба ин уоми агъазгæнæг уодзинан, уомæн æма нæ еумæйаг ихæс æй адæми хуарздзийнадæбæл архайун.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

## ДЗИЛЛОН МАДЗАЛ «УÆЛАХЕЗИ ДИКТАНТ» АРÆЗТ ÆРЦУДÆЙ 25 АПЪРЕЛИ




Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# ЗОНÆ ÆМА ДÆ ЗÆРДÆБÆЛ ДАРÆ!..

«Уæ зæрдæ мæмæ ма дзорæд, æз райгурæн бæсти сæрбæлтау цæттæ дæн алцæмæ дæр… Тагъд фæуыодзæнæй тугъд, æма бабæй уæд нæуæгæй уодзинан еумæ…»

Уотæ нæ æдзард поэт Æгъузарти Геуæрги бæргæ финста æ хеуæнттæмæ тугъди будурæй, зæрдæвæрд, фал… Капитан Æгъузарти Геуæрги фæммард æй 1943 анзи станицæ Черноерковскайæйи алфамбулай тугъдтити. Нæ ин бантæстæй æ зæрдæвæрд исæнхæст кæнун. Фал махæн ба, ке сабур царди сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ цард, уонæн гъæуама æнтæса уони рохс нæмттæ имисун, цитгин сæ кæнун.

Æма еци нисанеуæгæй ци берæ аллихузон номерæн мад-




зæлттæ арæзт цæуй, уонæй æй аллианзон дуйнеуон акци «Уæлахези диктант». Æ медесæй баст æй Устур Фидибæстон тугъди цаути хæццæ.

– Аци анз арæзт æрцудæй 25 апърели Уæрæсей еугур рауæнти дæр, уæдта ма дуйней цуппар æма цуппаринсæй паддзахадеми дæр. Фиццаг хатт си архайдтонцæ Цæгат æма Хонсар Корея, Ирланди, Кубæ, Швейцари, Швеци, Норвеги, Сингапур, Шри-Ланка, Кипр æма Эфиопий минæвæрттæ дæр. Фæсарæйнаг бæстити диктант ниффинсунæн байгон æнцæ 250 фæзуатемæй фулдæр. Уонæн сæ фулдæр – Уæрæсей Федераций минæвайрæдти скъолатæ, кенæ «Уруссаг хæдзæртти» бундорбæл.

«Уæлахези диктант» ниффинсдзæнæнцæ англисаг, араббаг, испайнаг, китайаг, немуцаг, португайлаг, французаг, турккаг æма æндæр æвзæгтæбæл, акци онлайн-ихæслæвæрдтæ ба исæнхæстгæнæн уодзæнæй цуппар æвзагебæл – англисагау, араббагау, китайагау æма испайнагау.

***Кирови райони Елхотти гъæуæн, Горæтгæрон райони Гизæлæн, Ирæфи райони Сурх-Дигорæн æма Алагири райони Майрæмадагæн «Тугъдон намуси цæрæн бунат»-и кадгин нæмттæ раттуни туххæй фæндони фæдбæл нæ республики Парламент гъæуама исфедар***


АЛБЕГТИ Муха


Агубекир


Мæхæмæт


Лухъман


Осмæн


Самсæдин

# НИФСХАСТÆЙ ЦУДÆНЦÆ ТОХМÆ АЛБЕГТИ ÆНСУВÆРТÆ

Уогæ ба цæйбæрцæбæл алæмæттаг æнцæ æрдзи исконд дæр æма царди исарæзт дæр!.. Дзæхæрай бæрæгастæу исирæзтæй бæласæ – бæрзонд къалеутæй фæтæнтæ. Мадта æ бакастæй федауцæдæр ба уидæ æ рæзæ. Адæмæн цæйбæрцæбæл зæрдæхцæуæн адтæй сæ уиндæ, уойбæрцæ си е æхуæдæг дæр сæнттадæ кодта. Мадта фæлмæн уадæ ку æрбадумгæ кæнидæ, уæдта сæ базмæлун кæнидæ, гъома, рацотæ æма си исахуадетæ. Уогæ еудадзуг уотæ нæ уидæ, фудрæстæг дæр никкæнидæ, тингун думгитæ æнай-æнойти æрбалæбориуонцæ, бæласæбæл сæхе ниццæвиуонцæ, ратасæ-батасæ кæнун æй байдайиуонцæ, æ гурведауцæй æй фенæхай кæниуонцæ æма 'й ниффæракæ кæнунбæл архайдтонцæ. Бæласæ ба син сæ еци миутæн ниффæразидæ... Фуддумгитæ, сæ бон ин ке неци бауодзæнæй, æвæдзи, уой балæдæргæй, фæддунд уиуонцæ. Бæласæ ба æ гъæдгинтæ бадзæбæхтæ кæнидæ æма бабæй æ уасæ иссеридæ.

Цард берæ цæмæйдæртæй куд барæвдауй, уотæ гъезæмæрттæ дæр бавзарун кæнуй. Æма ка куд тухгиндæр фæууй, уотæ фæразондæр разиннуй… Мæнæ еци бæласи хузæн.

Æ кой ба уин уомæ гæсгæ ракодтан, æма раст уой ирисхъи æнгæстæ рауадæнцæ Дур-Дурæй рацæуæг Албегти Дзанхъæлици фурт Мухай тумугъ биййнонти цардвæндаги хабæрттæ. Уой фæдбæл æй нæ абони радзубанди дæр.

## «ÆЗ МÆХЕ АЗУМГИНБÆЛ НЕКÆЦИРДИГÆЙ НИМАЙУН...»

Куд нимад æрцудæй, утемæй **Албегти Муха** райгурдæй 1875 анзи, дурдуйраг Хутъиати хуæрифурт. Æ иннæ æнсувæр ба хундтæй Хаджимурзæ. Сæ ниййергутæ адтæнцæ хумæтæг зæнхкосгутæ, пусулмон динбæл хуæст – е син лæвардта уæлтæмæнадæ, уомæ гæсгæ ба лæдæрд æй, сæ царди хабæрттæ æнæгъæнæйдæр уой æгъдæуттæ æма фæткитæмæ гæсгæ ке аразтонцæ, е дæр.

Муха дини ахурадæ райста Дагестани Буйнакски пусулмон скъола-медресей, евгъуд æноси райдайæни ба æ зонундзийнæдтæ фæббундорондæр кæнуни нифсæй идарддæр ахур кæнунмæ рандæй Туркмæ. Исахур кæнгæй æма дини уæлдæр ахурадæ райсгæй, фæстæмæ 'рбаздахтæй нæхемæ.

Æ рæстæги нимад цудæй ахургонддæр адæймæгутæй еуебæл. Хуарз зудта дигоронирон, уруссаг, арабааг æма туркаг æвзæгтæ. Дин парахат кæнуни фæдбæл æновуд куст кодта Дур-Дури, Чиколай, Лескени, зæгъун æнгъезуй, адтæй рохситауæг, еци номи аккаг уомæн æй, æма адæми 'хсæн æ архайд адтæй æцæгæйдæр хуæрзгæнæги хъиамæт, некæд неци æруагъта, адæмти ци фæккæрæдземæ кодтайдæ, уæхæнæй. Æхе цардæгъдауæй дæр æма æ дзубандийæй дæр адтæй адæмти 'хсæн хæларддзийнади рахастдзийнæдтæ парахат кæнуни фарс. Дзиллæ дæр уой куд нæ лæдæрдтайуонцæ æма ибæл æуууæндтæнцæ, æ хæццæ арази уиуонцæ, æхцул ибæл адтæнцæ. Уомæ гæсгæ ба ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма æ еци уодикондæй æхе уарзун кодта айдагъ пусулмон динбæл хуæст адæмæн нæ, фал ма киристæнттæн дæр, уæдта æндæр хузи динтæбæл хуæцæг адæмтæн дæр.

Уæди рæстæгути, уæлдайдæр ба советон цардарæзти æгъдæуттæ æма фæткитæ сæ хъаури цæун ку байдæдтонцæ æма æхсæнади медæгæ уонæй игъаугидæр зундрахастбæл тобæгонд ку цудæй, уæд Албегифурти нихмæ хъæбæр карзæй дзурдтонцæ, уæлдайдæр ба анзæй-анзмæ сæ нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кæмæн кодта, еци атеисттæ. Етæ, куд зонæн, уотемæй нæдæр Хуцаубæл некæци хузи æуууæндтæнцæ, нæдæр ба уæларвон тухтæбæл. Æхсæнади медæгæ разиндтæй уæхæнттæ, Мухай нихмæ æгæр карзæй дзорунтæ ка райдæдта, уæхæнттæ, куд молло æма диникустгæнæг, уотæ ибæл хахуртæ финстонцæ бунæттон советон хецаудзийнади алли къабæзтæмæ. Уæдмæ ралæудтæнцæ 30-аг æнзтæ, адæми тъагъитъайлаггæнæг фудмиути рæстæг, кунæггæнгути «куст» бонæй-бонмæ карздæргæнгæ цудæй, уотæ Цæгат Иристони дæр. Цæйбæрцæ æвуд адæм фесавдæй еци æнзти, уони нимæдзæ абони дæр æнхæст бæлвурдгонд нæма 'рцудæй. Айдагъдæр историктæ ке банимадтонцæ ставд нимадæй, æндæр нерæнгæ дæр ма неци æнхæст бæрæггæнæнтæ ес, ци ес, уонæй ба хатдзæгтæ кæнун зин æй.

Мухабæл медгъуддæгути адæмон комиссариати оргæнтæмæ финстонцæ берæ аллихузон цъифкалæнтæ – берæ цæйдæрти фудæй, фал сæ сæйрагдæр ба адтæй адæмæй кедæрти æдзæстуарзондзийнадæ. Фулдæр атеисттæ тингун кодтонцæ Албегти Мухамæ, æ дин парахатгæнæн кусти адæмти æмреудзийнадæбæл ке дзурдта æма имæ етæ дæр зæрдиагæй ке игъустонцæ, æ фарс ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ иннетæ ба соцъа кодтонцæ æ сабур зæрдиуагæмæ. Кодта хуæдбарæ цард, гъомбæл кодта æ зæнæг минкъий æндæр уагбæл иннетæй игъаугидæр.

Æ нихмæ архайгути хъæбæр фæндадтæй, цæмæй Муха, уони æмдзæхдон исуа æма советон цардиуагæ арæзтбæл кæрæй-кæронмæ æновуд куд адтайдæ, е. Ку нæ син арази кодта, уæдта си сæ маст есун байдæдтонцæ. Æма сæ цъифкалæнти хæццæ сæ цъумур фæндитæ сæ къохти æфтуйгæ дæр бакодтонцæ.

Мухай æрахæстонцæ Устур Фидибæстон тугъди райдайæни хуæдразмæ æма ин истæрхон кодтонцæ дæс анзи ахæстдони фæббадун. Æрвист æрцудæй Казахстанмæ. Тæрхондони унаффи финст адтæй: «Албегти М.Д. кæнуй зианхæссæг контрреволюцион æзмæнтæн куст, дзоруй колхозтæ аразуни нихмæ…»

Слести рæстæг æй бабæрæг кæнун бантæстæй æ фурт Агубекирæн (фулдæр æй имонауæй худтонцæ Бодта). Сæ еци фембæлди рæстæг ин фидæ балæдæрун кодта: «Мæн Казахстанмæ ке 'рветунцæ, уой бæлвурдæй зонун. Æвæдзи, некæдбал фембæлдзинан. Ци дин зæгъон, азумгин мæ ци гъуддæгутæй кæнунцæ, уони туххæй. Медгъуддæгути оргæнтæ мæ сæйрагдæр уой туххæй æрахæстонцæ, æма пусулмон дин ке парахат кодтон... Фал ци кæнон, мæнæн мæ фидтæлтæ дæр еци динбæл хуæст адтæнцæ, мæнæн мæхецæн дæр мæ царди æй сæйраг æма æнæмæнгæ æхæсткæнуйнаг. Æз мæхе азумгинбæл некæцирдигæй нимайун, фал мæ уæддæр æвудæй фудгин кæнунцæ æма гъæуама æфхуæрд баййафон. Уæллаг нæ еугуремæн дæр тæрхонгæнæг фæуууæд…»

Æ фурти хæццæ ку хецæн кодта, уæд ма ин æ гъоси бадзурдта, уæхæн уавæри ке фудцъухи азарæй равзурдæй, уомæй хъæбæрдæр кæбæл гурусхæ кодта, уони муггæгтæ. Етæ адтæнцæ дууæ лæги. Абони махæн зин исбæлвурдгæнæн æй, Муха сæ кутемæй базудта, е. Гæнæн ес, æма ин слестгæнæг æхуæдæг фегъосун кодтайдæ цъуххæсгути нæмттæ.

Гъе уæхæн рауадæй æ ирисхъæ Албегти Дзанхъæлици фурт Мухайæн, æ райгурæн гъæубæсти дæр æма ма Цæгат Иристони берæ æндæр рауæнти дæр дзиллæн абони дæр ма имисуйнаг ка 'й, еци рæстзæрдæ æма адæмуарзон адæймаг...

Албегти Мухай цардæмбал адтæй лескейнаг Саукуйти Дириси кизгæ Фатимæ. Исæнтæстæй син цæуæт: Агубекир, Мæхæмæт, Сæлих, Лухъман, Осмæн æма Самсæдин.

* * *

Хъæбæр зæрдрист фæцæнцæ биййнонтæ сæ фиди ниййахæсти æверхъаудзийнадæй. Фал ин сæ бон ци адтæй, цæмæй ин фæййагъаз кодтайуонцæ, æ рæстадæ ин исбæлвурд кæнунæн. Уæди æгъатир рæстæгути хецаудзийнади тæккæ бæрзонддæр бунæтти бадгутæн дæр уæхæн уавæрти фулдæр хæттити сæ бон уоййасæбæл неци уидæ. Еске рæстадæ бæлвурдæй зонгæй æ сæрбæл ку исдзурдтайуонцæ, уæд гæнæн адтæй æма сæ исдзурдæй дæр неци рауадайдæ, уой хæццæ ба ма сæхуæдтæ дæр туфули равзурстайуонцæ…

Уой куд нæ зудтайуонцæ Мухай биййнонтæ дæр. Ка 'й зонуй, еститæ дæр архайдтайуонцæ æ райервæзуни туххæй, фал… Цидæр адтæй, уæддæр еци зæрддзæфæй дæр биййнонтæ сæ идарддæри царди хабæрттæ кодтонцæ. Сæ масти фæдбæл нæ рацудæнцæ, сæ зæрдитæ уомæй нæ исфæлхæрст æнцæ. Кедæрти хузæн нæ фудгин кодтонцæ нæдæр Фидибæстæ, нæдæр адæми (цъуххæсгутæй уæлдай – уогæ уæхæнттæ адæмбæл нимад дæр некæд адтæнцæ).

Сæ фидæ куд рæстзæрдæ æма хуæрзауодæг адтæй, утемæй цардæнцæ æма архайдтонцæ адæми 'хсæн. Мадта Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд дæр фиццæгти хæццæ фæннæхстæр æнцæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнунмæ.

## АДТÆЙ СÆ ТОХ ÆХСАРГИН, УОДУÆЛДАЙ...

Хестæр æнсувæр **Агубекирæн (гъæубæсти медæгæ æй уарзонæй худтонцæ Бодтæ)** адтæй тумугъ биййнонтæ, утемæй рандæй фронтмæ. Кæд бæлвурд дæснийадæбæл ахургонддзийнадæ нæ райста, уæддæр æ уодигъæдæмæ гæсгæ ба берæ ацъагъуитæй хайгин адтæй – куд фæззæгъунцæ, лæгдзийнадæй æнхæст адтæй, царди медæгæ берæ гъæугæ гъуддæгутæмæ арæхстæй. Хумæтæги нæ адтæй е дæр, æма тугъди туфули дæр æхе ке бавдиста барæуадзæ бæгъатæр æфсæддонæй. Берæ рауæнти ин тохгæ рауадæй знаги нихмæ, берæ дессæгтæ уингæ ин рауадæй æма си берæ цидæртæ дæр куд нæ багъуди кодтайтæ. Фал си, æвæдзи, уоййасæбæл зæрдрист адтæй, æма фæстугъд æгириддæр нæ уарзта тугъдон хабæрттæ кæнун. Уомæ гæсгæ сæ æ кæстæртæ дæр абони æнхæстæй нæ зонунцæ. Бæлвурдæй зонунцæ уой, æма архайдта Сталингради тугъди райдайæнæй кæронмæ 240-аг æхсæн полкки рæнгъити.

Цуппар анзей дæргъи тугъдон хъиамæтти рæстæг лæгдзийнадæ ке бавдиста, уой туххæй Агубекирæн лæвæрд æрцудæй берæ хуæрзеугутæ. Фронтæй исæздахтæй æрдæгуалитæй, дуккаг къæпхæни инвалидæй, æ реубæл ордентæ æма майдантæ, утемæй. Уой фæсте ма ин лæвæрд æрцудæй юбилейон майдантæ цалдæр. Рæстзæрдæй фæллойнæ кодта Лескени совхози, адтæй ин адæми астæу устур кадæ. 1985 анзи 11мартъий Агубекирбæл исæмбалдæй æ еума хуæрзеуæг – Фидибæсти тугъди дуккаг къæпхæни орден. Уал анзей дæргъи имæ даргъ нæдтæбæл фæццудæй æ лæгдзийнади æвдесæн.

Адтæй ин тумугъ биййнонтæ – дууæ фурти æма цуппар кизги исгъомбæл кодта.

**Цуппаринсæй анзей размæ, 1945 анзи 26 апърели 2-аг Белоруссаг фронти æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрдонгтæбæл фæууæлахез уогæй, байахæстонцæ Балтийаг денгизгæрон сахар æма порт Штеттин (Щецин).**

*кæна сæрмагонд закъон. Е ахсгиаг æй – уомæй цитгингонд æрцæудзæнæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæги еци рауæнти ци карз тугъдтитæ цудæй, æма бунæттон цæргутæ ци дзиллон бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ, уой историон рæстдзийнадæ.*

Албегти Мухай иннæ фурт **Мæхæмæт** тугъди размæ райста уæлдæр ахургонддзийнадæ, фæцæй каст юридикон институт. Нæ ин бантæстæй бийнонти гъуддаг бакæнун, уотемæй рандæй тугъдмæ, фесавдæй æбæрægæй.

**Лухъмани** тугъдон нæдтæ дæр уотæ рауадæнцæ, æма тугъди тæккæ фиццаг бæнтти æрлæудтæй турæй-турмæ знаги нихмæ. Зæрдæ фурзинæй æндæмæ тудта реугудур, уомæн æма райдайæни немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ тухгиндæр кодтонцæ. Æма лæдæрд æй нæ тугъдонти маст – хе зæнхæбæл фæстæмæ цæун зин адтæй. Уогæ еци уавæри дæр знаги нихмæ федар фæллæууиуонцæ, сæ равгитæмæ гæсгæ ин карз нихкъуæрд раттиуонцæ. Берæ паддзахадон хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд æрцудæй æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй. Сæ еугурей нæ нимайдзинан, фал æхецæн тæккæ хъазардæр адтæй Фидибæсти тугъди дуккаг къæпхæни орден. Æфсади рæнгъитæй ку исуæгъдæ ’й, уæд æрбундор кодта Краснодари крайи. Æ цард æма фæллойни æнзтæ уоми райевгъудæнцæ. Бæргæ адтæй лæгдæрти рæнгъити, фал æй царди нивæ ба нæ фæцæй – æ фæсте цæуæг нæ байзадæй.

Иннæ æнсувæр **Осмæн** – тугъди агъоммæ фæцæй каст æфсæддон училище æма фронтмæ рандæй афицер-лейтенанти цини уогæй.

Иристони фурттæ фæстаг некæд некæми изадæнцæ. Еу хаттæй иннæ хатмæ Осмæни бæгъатæрдзийнади кой хъæбæрдæр райгъусидæ. Хуæрзеугути нимæдзи хæццæ уæлдæр хизтæй куд афицер, уотæ. Тæссагдæр рауæнтæмæ томар кодта, устур нифс лæвардта е ’фсæддонтæн. Лæдæрдтæй сæ аллихузи дæр æма ин етæ дæр кодтонцæ устур кадæ.

Тугъдон нæдтæ, кумæти ба нæ фæррагæлдзæ-багæлдзæ кодтонцæ Осмæни. Зæрди уедæгтæ ’скъудæнцæ фурмæстæй е ’нсувæрти фæммарди фæдбæл. Никки æнауæрдондæрæй дæрæн кодта знаги. Æхуæдæг дæр къуар хатти фæццæф æй. Фал нæуæгæй æрлæууидæ æфсади рæнгъити. Æмпурста размæ Берлинмæ, е ’дзард æнсувæрти маст иста. Фал, тугъд тугъд æй. 1944 анзи Украини зæнхитæ знагæй уæгъдæ кæнгæй, еу карз тохи æ къох уæззау цæф фæцæй. Рауадæй лухгæнгæ. Фал бæгъатæр, дæсни афицер, майор Албегти Осмæн, кæд фиццаг къæпхæни инвалид иссæй, уæддæр æй ниууагътонцæ æфсади рæнгъити. Æ лæгдзийнадæмæ гæсгæ ин байхæс кодтонцæ Хорнигулæн Украини бандеровонти нихмæ тох кæнун. Æнтæстгинæй разамунд лæвардта къуар анзей дæргъи æ бæрнæхсти ци ’фсæддон хай адтæй, уомæн. Никкидæр ма бафтудæй æ тугъдон хуæрзеугутæбæл.

Ами иссирдта æ цардамонд дæр, æ бийнойнаги хæццæ исгъомбæл кодтонцæ дууæ фурти. Æфсæддон ихæстæй исуæгъдæ уни фæсте, куста бæрнон бунæтти. Куд тугъдон лæг, афицер, уотæ архайдта фæсевæди гъомбæлади гъуддæгути. Æхе некæд еуварс кодта адæмæй, æ уод, æ цæстæ ескæмæн хуарз ракæнун. Сахар Белореченски райевгъудæнцæ æ царди фæстаг æнзтæ. Е ’носон бунат уоми иссирдта.

**Самсæдин** дæр æстдæсанздзудæй бафтудæй тугъдон гъуддæгути. 1944 анзи 16 июли карз тохи размæ ’мпурсгæй дзухъмард фæцæй. Æ тог никкалдта Белоруссий зæнхæбæл, уоми Æнсувæрон цирти иссæй е ’носон бунат.

Æхсаргинæй тох кодта знаги нихмæ, бæлдтæй Уæлахез æхе цæститæй фæууинунмæ. Фал ин нæ бантæстæй æ еци бæлдæ.

* * *

Ци биццеутæ адтæнцæ, ци! Æма сæмæ сæ хеуæнттæ куд æнгъæлмæ кастæнцæ, мæнæ тагъд сæрæгасæй фæззиндзæнæнцæ, куд!.. Кæмæндæрти сæ еци бæлдитæ фæррæстмæ ’нцæ, кæмæндæрти ба сæ зæрдтагон тугъдонтæ кæмидæрти тугъди будурти æностæмæ байзадæнцæ, сæ хеуæнтти сæ цæргæ-цæрæнбæнтти зæрдрист фæккæнгæй...

Тугъд ку фæцæй, уæдæй нурмæ кæд берæ æнзтæ райевгъудæй, уæддæр ни еци æверхъау рæстæгути хабæрттæ æма цаутæ нæ иронх кæнунцæ. Нæ тугъдонтæ – рохсаггæгтæ дæр æма удæгæстæ дæр, – сумахæн, уæ кадæн нæ сæртæй ниллæг ковæн еугурæй дæр!

* * *

Мæнæ нæ радзубандий размæ куд баханхæ кодтан, уотемæй Мухайæн ма адтæй хуæдæнсувæр **Хаджимурзæ**. Муха Дур-Дури берæ нæ басабур æй, æ цæрæнбунат райиивта Лескенмæ, Хаджимурзæ ба ма дзæвгарæ рæстæгути фæццардæй аци гъæуи. Исæнтæстæй ин зæнæг: Гæбида, Дзугули, Батий, Кябæхан, Сабат æма фурт **Тазæрет**. Тазæрет фæммард æй тугъди будури Курски бунмæ.

Тугъди хуæдразмæ Тазæрет бакодта бийнонти гъуддаг. Киндзæхсæвæри рæстæг ци берæ арфитæ райгъустæй, уонæн сæ фулдæр адтæнцæ хуæрзамондæй хайгин куд уонцæ нæуæг бийнонтæ, уой фæдбæл. Бæргæ зæрдæй кувтонцæ адæм уой туххæй, фал, гъулæггагæн, ирисхъæ ба æндæр хузи низзилдæй. Бийнонти царди адæй æнхæст нæ фæххайгин уогæй, Тазæрет рандæй фронтмæ.

Уордæмæ райста æхцæуæн хабар – фурт дин райгурдæй, зæгъгæ. Нифс исирæзтæй никки фулдæр, æхсаргинæй дæрæн кодта фашистти, фал 1943 анзи Курски алфамбулай тогкалæн тохи æ цардвæндаг кæрзлух фæцæй… Адзал нæ бауагъта Тазæрети æ биццеуи фæууинун, уобæл бацийнæ кæнун, уой барæвдаун… Цудæй ибæл æдеугурæй фондз æма инсæй анзи.

***ГАТИЙТИ Светланæ***



Лескени дзиллæй нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уонæн сæ райгурæн гъæуи бæрæгастæу арæзт æрцудæй номерæн мемориал. Ами еудадзуг арæзт фæццæуй сæ рохс нæмттæ син имисæн æма цитингæнæн мадзæлттæ.

## ЕВГЪУД РÆСТÆГУТИ ЦАУТИ ÆВДЕСÆНТÆ



# АЙДАГЪ ТУГЪДИ БУДУРТИ НÆ ЦУДÆЙ КАРЗ ТОХ...



***Валентин Бережков адтæй ССР Цæдеси финсгути Цæдеси иуонг, историон наукити кандидат, Устур Фидибæстон тугъди æнзти дипломатон служби косæг, 1940 анзи декабрæй 1941 анзи июни уæнгæ ба – Берлини Советон Цæдеси минæвайради фиццаг нимæрдар. Куд дæсни тæлмацгæнæг, уотæ архайдта, Иосиф Сталин, уæдта нæ бæсти иннæ уæлдæр разамонгутæн фæсарæйнаг паддзахæдти, уæлдайдæр ба Америки Еугонд Штатти æма Англиси бæрзонд разамонгути хæццæ ци фембæлдтитæ уидæ, уонæми: зæгъæн, Ялти, Тегерани æма Потсдами конференцити дæр.***

***Ци фæууидта, ци фегъуста еци фембæлдтити рæстæг, уони фæдбæл ниффинста æ имисуйнæгти документалонайййевадон киунугутæ. Уонæй еуей исхудта «Дипломатон историй сифтæ». Берæ цæмæдесаг хабæрттæ æма цаути кой си кæнуй. Сæйраг гъуди ба си æй – еци æнзти æверхъау æма карз тох айдагъ тугъдон будурти нæ цудæй, дуйнеуон царод уæди рæстгути уæхæн адтæй, æма си цидæриддæр цудæй æма æрцæуйнаг адтайдæ, еци хабæрттæ нæхе пайдайæн лух кæнунбæл сæ уодæй-уод кодтонцæ нæ паддзахади уæлдæр разамонгутæ, дипломаттæ, æфсæддон хецауадæ дæр.***




Гитлерон Германи гадзирахаттæй ССР Цæдесмæ ку ’рбалæбурдта, уæд, сæ исонибонбæл мæтæ кæнгæй, нæ фарс æнæбари дæр æрлæудтæнцæ, уой размæ Советон Цæдес сæ цæсти синдзæ кæмæн адтæй, етæ дæр – Америки Еугонд Штаттæ æма Англис. Раст зæгъгæй, æвдистонцæ фæййагъаз нин кæнунмæ цæттæдзийнадæ – æрвистонцæ тохæнгарз æма æндæр техникæ, хуæдтолгитæ, танкитæ, аразæн æма косæн æрмæг, радиоаппаратурæ, уæледарæс æма къахидарæс, хуæлцæ. Æцæг, фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй еци агъаз бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ адтæй алкæд. Зæгъæн, зæрдæ цæйбæрцитæй æвардтонцæ, уомæй æрветгæ ба зингæ минкъийдæр кодтонцæ.

Уой хæццæ ба ма, нæ цæдесонтæ нин ци хуæдтæхгутæ æрвистонцæ, етæ берæ цауддæр адтæнцæ немуци уæлдæфон техникæй – нæ «хуæрзгæнгутæ» нин сæ хуæздæрти, æвæдзи, æвгъау кодтонцæ, сæхецæн сæбæл аурстонцæ. Зæгъæн, америкæгтæ советон æфсæдтæн æрбарветуйнаг адтæнцæ, уæди рæстæги сæмæ тæккæ раззагдæр нимад ка цудæй, еци «аэрокобра», зæгъгæ, хуæдтæхгутæй дæс æма авдинсæй. Фал сæ англисæгтæ сæхердигæй фæккодтонцæ. Уой фæдбæл син Сталин ку бауайдзæф кодта, уæд Кларк Керр, Англиси минæвар Советон Цæдеси, рæуæнттæ кодта, мах къохти, дан, еци «аэрокобритæ» æрхастонцæ фулдæр пайда.

8

**Цуппаринсæй анзей размæ 1945 анзи 26 апърели 2-аг Украинаг фронти æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ Чехословакий сахар Брно.**

*ДЗАТТИАТИ Тотурбег (1910-1984), финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг: «Нæ кæстæртæ!.. Зонетæ æма аккаг аргъ кæнетæ уæ фидтæлти устур тугъдон æма фæллойнадон намусæн, багъæуаги рæстæги сæ фæнзетæ æма бæрзонддæр даретæ уæ фидтæлти кади туруса!.. Кæддæриддæр уотæ къæрцгъос, уæ зунд æма уæ хъаурæбæл макæд ауæрдетæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау!..*

«ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»

# ХЪИРГЪУТИ ТУГЪДОНТÆ

Нæ Райгурæн бæстæмæ немуцаг-фашистон æрдонгти гадзирахаттæй æрбалæбурди æверхъау хабар куддæр райгъустæй, уотæ нæ бæсти еугур дзиллитæ дæр еци еузæрдиуонæй исистадæнцæ уони нихмæ тохмæ. Еци рæстæги Цæгат Иристони еунæг уæхæн муггаг дæр нæ байзадæй, æ тугъдонти табуйаг тохмæ ка нæ рафæндараст кодта. Сæ хеуæнттæ син Хуцаумæ кувтонцæ, цæмæй сæрæгасæй исæздæхонцæ, тугъдмæ ка нæхстæр кодта, етæ ба син зæрдитæ æвардтонцæ, фудголи бундзагъд ке никкæндзæнæнцæ æма сæмæ уæлахезонæй ке фæззиндзæнæнцæ. Æма знаг дæр дæрæнгонд ке 'рцæудзæнæй, уомæй сæ дзурд кæрæй-кæронмæ исæнхæст кодтонцæ. Фал сæхемæ сæрæгасæй исæздæхун ба си, гъулæггагæн, кæмæндæрти нæ бантæстæй, нæ Фидибæсти сæрбæлтау нивондæн æрхастонцæ сæ цард.

Абони мах арфиагæй æма сæрустурæй имисæн æма цитгин кæнæн нæ Уæлахези хъазауатонти – тугъди будурти æхсаргинæй ка фæммард æй, уæдта уордигæй сæрæгасæй ка исæздахтæй, уони сæ еугурейдæр. Уонæй æнцæ, мæнæ абони ке къартæ мухур кæнæн, Хъиргъути еци тугъдонтæ дæр.


Кермен
Нæуæги фурт
1922-1979


Иван
Басай фурт
1905-1988


Урусби
Басай фурт
1903-1961


Урусхан
Басай фурт
1896-1982



Дикъи Басай фурт
1913-1943

Мурат Елбиздихъой
фурт 1923-1943


Ахтол
Елбиздихъой фурт
1919-1985


Елмæрза
Елбиздихъой фурт
1907-1942


Алихан
Елбиздихъой фурт
1921-1944


Тимофей
Геуæргий фурт
1916-2000


Лазарь
Геуæргий фурт
1919-1941


Слангерий
Ильяй фурт
1918-1984


Тазе
Ильяй фурт
1922-2003



**Дзасте**
**Тætærхъани фурт**
**1916-1942**



**Соломон**
**(Сосланбек) Тætærхъани**
**фурт 1906-1942**



**Николай**
**Урусхани фурт**
**1925-2003**



**Амурхан**
**Бæбуй фурт**
**1900-1953**



**Барис**
**Дриси фурт**
**1928-2008**



**Хадзирæт**
**Тætæрий фурт**
**1903-1978**




**Беслан**
**Тætæрий фурт**
**1915-1941**



**Тотраз**
**Тасой фурт**
**1920-1942**



**Тотурбек**
**Тасой фурт**
**1910-1942**



**Хъанамат**
**Хъасболати фурт**
**1918-1942**




**Хъиргъути-Петренко**
**Галина Алексеевна**
**1911-1942**




**Гæлæу**
**1922-1943**

# НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ, НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ...



***Ральф ПИТЕРС, американский писатель и военный теоретик: «Тонкий и непрочный налет цивилизации облетает с большей части современного мира. Старинные проблемы становятся проблемами сегодняшнего и завтрашнего дня. Если мы хотим узнать ответ на вопрос «Кто наш враг?», нам нужно заглянуть в себя».***



# ВСТРЕЧА НА ЭЛЬБЕ

**25 АПРЕЛЯ 1945 ГОДА СОВЕТСКИЕ КРАСНОАРМЕЙЦЫ И СОЛДАТЫ АРМИИ США ВМЕСТЕ ОЩУТИЛИ РАДОСТЬ БЛИЗКОЙ ПОБЕДЫ**



**Владимир СНЕГИРЕВ**
журналист

От чешской столицы, где я сейчас мыкаюсь в карантине, до немецкого города Торгау – 200 с лишним километров. Ерунда по меркам сегодняшних представлений о дороге.

Сесть в машину, выставить в навигаторе адрес – и через три часа окажешься в том памятном месте, где ровно 75 лет назад наши и американские бойцы впервые смогли увидеть друг друга не на кадрах кинохроники, а воочию.

Понятно, что, получив из редакции задание подготовить материал о встрече на Эльбе, я так и сделал: оседлал своего стального коня и отправился туда, на север от Праги.

С синих небес ярко светило солнце, по обочинам дорог цвели яблони, пригорки желтели от одуванчиков. Если и тогда, 75 лет назад, весна сияла точно так же, то представляю, как же непросто было подставлять свои головы под пули бойцам 45-го года.

* * *

В истории Великой Отечественной войны есть ряд событий, ставших знаковыми. Оборона Москвы. Сталинградская и Курская битвы. Прорыв блокады Ленинграда. Взятие Берлина.

В этом ряду, конечно же, и встреча на Эльбе.

Красная армия шла сюда целых четыре года, пережив ужасы отступления, постигая науку побеждать через горечь тяжелых потерь. Союзники вступили в бои на Западном фронте в июне 44-го. Их путь к Эльбе был гораздо короче.

Разумеется, обе стороны готовились к тому, что рано или поздно их встрече будет суждено состояться. Подготовка шла на всех уровнях. Главы государств еще в феврале на ялтинской конференции подтвердили границы оккупационных зон Германии, обозначили демаркационные линии. Военные ведомства обменялись миссиями, одной из задач которых было не допустить случаев «дружественного огня», когда союзники окажутся в непосредственной близости друг от друга. Командующие фронтами и соединениями издали свои директивы.

Главком экспедиционных сил генерал Д. Эйзенхауэр отдал приказ: достигнув Эльбы, остановиться и дальнейшее наступление прекратить, ждать русских здесь.

Маршал Г.К. Жуков 24 апреля направил в войска документ, предписывавший при встрече с американцами или англичанами хранить военную тайну, «никаких сведений о наших планах и боевых задачах никому не сообщать». Что касается возможных дружеских контактов, то они не запрещались, однако приказывалось инициативу в организации таких встреч на себя не брать, все контакты согласовывать с вышестоящим командованием и проводить их в соответствии с требованиями этой директивы.

Кроме того, генеральскому и офицерскому составу предписывалось строго соблюдать форму одежды и иметь опрятный вид. «Этого же потребовать от всех войск, которые могут иметь соприкосновение с американскими или английскими частями».

Последнее – более чем понятно. Солдаты, с тяжелейшими боями прошедшие от Москвы до Эльбы, конечно, не выглядели, как им было положено по уставу. Что там говорить... Потертые, вылинявшие гимнастерки и пилотки, стоптанные сапоги, побитые пулями и осколками шинели. Требовать от бойцов «опрятный вид» было можно, да только выполнить такой приказ было очень трудно.

Что же касается указания держать язык за зубами, то оно вполне вписывалось в контекст того времени. Любой иностранец для советского человека представлялся потенциальным шпионом.

Писатель, а тогда военный корреспондент «Правды» подполковник Борис Полевой вспоминал, как накануне его пригласил в штаб генерал Петров и тоном, не терпящим возражений, велел 25 апреля убыть в район города Торгау, пояснив, что именно там ожидается долгожданная встреча союзников.

С обеих сторон туда же в итоге подтянулись еще полсотни корреспондентов – советских, американских, английских.

Увы, никто из них не сумел запечатлеть на пленку или оставить в своей памяти миг первых контактов.

Сейчас это уже хорошо известная история, ее многократно описывали в своих воспоминаниях и американские, и наши ветераны.

Союзники направили к Эльбе сразу несколько разведгрупп с целью обнаружить авангарды Красной армии. Первыми это сделали солдаты 273-го пехотного полка во главе с лейтенантом Котцебу. 25 апреля в 11.30 в небольшой деревушке Леквитц они увидели всадника, форма которого была явно не немецкой. Входивший в состав разведгруппы американец, знавший русский язык, попытался заговорить с незнакомцем, но тот, видимо, заподозрив неладное, пришпорил коня и умчался прочь. Тогда лейтенант повел своих людей вслед за всадником, к реке Эльбе, до которой оставалось не более двух километров.

Вторая группа, возглавляемая майором Крэйгом, прибыла в ту же деревушку Леквитц ближе к вечеру, и снова американцы встретили там наших кавалеристов. Обменявшись короткими приветствиями, американцы и русские разъехались: наши поскакали в сторону Дрездена, янки пошли к реке и, переправившись, встретились с офицерами 5-й гвардейской стрелковой дивизии, которой командовал генерал-майор Русаков.

Была и третья группа – ею командовал лейтенант Робертсон. Оказавшись близ города Торгау, американцы увидели на другом берегу реки советских солдат и в 16.00 поспешили им навстречу по обломкам полуразрушенного моста.

На этих обломках посреди Эльбы янки и русские встретились и обменялись рукопожатиями. Никто из вышестоящих начальников не режиссировал этот миг, все получилось спонтанно, а потому – искренне, трогательно и символично.

И река-рубеж, и разрушенный мост, и эти обломки...

Они протянули друг другу руки на руинах поверженного врага. Это был тот редкий случай, когда переводчик не требовался. Иван и Джон, американец и русский, с двух разных сторон шли к одной цели и вот теперь встретились. Воинский и человеческий долг был ими выполнен, цель достигнута. Все ясно без слов...

Нашими командовал лейтенант Александр Сильвашко, американцами – лейтенант Уильям Робертсон. Среди союзников оказался парень с фотоаппаратом, он-то и сделал те кадры, которые затем стали символом того дня. История (она всегда прихотлива) именно группу лейтенанта Робертсона поставила в центр событий, увековеченных названием «Встреча на Эльбе».

Далее, уже на следующий день, контакты продолжились – теперь на уровне старших офицеров, генералов, командиров частей и соединений.

27 апреля в 18.00 союзники официально объявили об исторической встрече на Эльбе.

* * *

В воспоминаниях, которыми затем щедро делились ветераны, много всяких трогательных деталей. Наши учили американцев пить водку. Американцы гребли на сувениры все диковинно-русское: звездочки с пилоток, пуговицы, пряжки от ремней.

Маршал Иван Конев, принимая у себя командующего армией США генерала Брэдли, угостил его зрелищем виртуозно плясавших девушек в военной форме. На вопрос гостя, кто эти красавицы, Конев ответил: «У нас в армии все девчата такие».

Когда же настала очередь Коневу нанести визит в ставку американского визави, тот в долгу не остался, застолье проходило под аккомпанемент скрипача-виртуоза. «Обычный американский солдат», – представил его генерал Брэдли.

Хотя, конечно, в первом случае это были артисты военного ансамбля, а во втором – специально выписанный из Парижа профессиональный музыкант Яша Хейфиц.

Все происходившее тогда хорошо отразил командир 13-го армейского корпуса генерал Гилль: «Там, где трудно договориться дипломатам, легко решить вопрос солдатам, тем более таким солдатам, дружба которых скреплена кровью, пролитой в совместной борьбе против общего врага. А всем известно, что нет более крепкой дружбы, чем дружба, возникшая под огнем пулеметов и пушек».

* * *

Сам этот инцидент, случившийся на Эльбе, уже никак не мог повлиять на ход Второй мировой войны. До полного разгрома фашизма оставались считаные дни, и победа была

## ИЗ БЕСЕДЫ СЕНАТОРА АЛЕКСЕЯ ПУШКОВА С ЖУРНАЛИСТАМИ:



***– Несколько месяцев Дональд Трамп заверял, что перемирие на Украине все ближе. Однако, судя по сводкам, напряжение в зоне СВО нарастает: беспилотники налетают на города, гибнут журналисты. Президент США выдает желаемое за действительное?***

**– Дональд Трамп говорит об этом, потому что его действительно беспокоит, что Украина может втянуть Соединенные Штаты в третью мировую войну. И именно это он стремится предотвратить. Трамп серьезно относится к угрозе того, что Россия и США могут столкнуться из-за чужой ему Украины. Он считает такое развитие событий настоящим безумием. Владимир Путин также дает понять, что мы не стремимся к военному конфликту с Западом. Это сближает двух президентов, и мы видим возобновление российско-американского диалога. Однако до полного восстановления отношений пока далеко.**

**Войска 1-го Украинского и 1-го Белорусского фронтов в течение 24 апреля -1 мая 1945 года окружили и разгромили франкфуртско-губенскую группировку немецко-фашистских войск.**

***Фред ФРЭНК-младший, генерал армии США: «Самая трудная доблесть – это долг. Он требует больше и дает меньше, чем любая другая ценность... Ты не нарушишь клятву. Вместе со своими сверстниками ты выполнишь свой долг перед страной, а затем передашь факел тем, кто придет следом...»***



предопределена – прежде всего логикой безостановочного наступления Красной армии, начавшегося в конце 41-го от московских окраин. Теперь уже бои шли на окраинах берлинских.

Причисляя это событие к знаковым, мы имеем в виду вот что. У Соединенных Штатов Америки и Советского Союза тогда были разные представления об устройстве жизни. Но оба государства сумели перешагнуть через накопившиеся обиды и комплексы, когда над миром нависла угроза коричневой чумы. Стали союзниками в борьбе против вселенского зла.

Тот короткий исторический миг, когда и рядовые солдаты, и их командиры, возможно, нарушая инструкции и приказы, доверчиво протянули руки навстречу друг другу, стали обмениваться сувенирами, провозглашать взаимные тосты, – он как луч надежды. Как сигнал всем нам из прошлого: здравый смысл есть, а значит, есть и надежда. В финале советского фильма под названием «Встреча на Эльбе, снятого в 1949 году, герои говорят: «Мы встретились как союзники, прощаемся как друзья».

Москва салютовала встрече на Эльбе залпом из артиллерийских орудий.

Возможно, это и был тот редкий момент истины, та точка, от которой история могла пойти по иному направлению. Не пошла...

* * *

Когда я попытался повторить те маршруты, которыми три четверти века назад двигались навстречу друг другу союзники, то мне повезло меньше, чем им. Ровно на границе Чехии и Германии, в 150 километрах от города Торгау, моя машина уперлась в заграждение. Дальше путь был закрыт. Немецкий полицейский довольно вежливо объяснил, что на всем протяжении границы есть лишь несколько пунктов пропуска, однако мое журналистское удостоверение вряд ли станет основанием для проезда вглубь страны. Пришлось поворачивать обратно.

Моя встреча на Эльбе не состоялась.

Но ведь и в этом тоже есть символ. На смену одной чуме пришла другая. Моя попытка вернуться в прошлое обернулась встречей с тревожным настоящим и, возможно, с еще более непредсказуемым будущим.

Разворачивая машину обратно, я думал о том, что настала пора всем нам снова стать союзниками, отложив, а еще лучше – забыв былые обиды и фобии. Никакие пограничные кордоны и карантины не спасут от большой беды разъединенных людей.

***Российская газета – Федеральный выпуск № 90(8144), 24 апреля 2020 г.***



***Американский ветеран Второй мировой войны Фрэнк Кон родился в Германии, но в тринадцать лет с семьей бежал от Гитлера в США. Спустя несколько лет вернулся на родину, чтобы освобождать ее от нацистов. В апреле 1945-го он, тогда 19-летний старший сержант армии США был среди тех, кто участвовал в знаменитой встрече советских и американских войск на Эльбе. На снимках: Фрэнк Кон в годы войны(слева) и после войны уже будучи полковником в отставке (справа).***



# «Я ЗНАЛ ОДНО СЛОВО «ТОВАРИЩ»

*Для Фрэнка Кона встреча американских и советских солдат осталась самым памятным событием в его судьбе. Об этом он говорил и в беседе с российским журналистом Дмитрием Злодоревым. Запись их беседы была 24 апреля 2020 года опубликована в «Российской газете», откуда мы сегодня и воспроизводим.*

* * *

**– Господин Кон, вы совсем мальчишкой участвовали в реальной войне. Сейчас у нас тоже мировая война, с эпидемией. Какой враг страшнее – коронавирус или фашизм?**

– Конечно, фашизм. Мы потеряли столько жизней. Особенно это касается Советского Союза – у вас погибло множество людей. Так что Вторая мировая была гораздо страшнее того, что мы переживаем сейчас. Я родился в Германии. В 1938 году, когда мне было 13 лет, нам пришлось бежать от нацистов. Мы евреи, они нас преследовали из-за религии.

**– Что вы ощущали, воюя против соотечественников?**

– Я уже был на 100 процентов американским солдатом и воевал против нацистов, а не против Германии. Мы знали, что победим. Я поступил на военную подготовку в США в сентябре 1943 года, а в Европу меня отправили в августе 1944-го, вскоре после высадки союзников в Нормандии. Самые тяжелые бои к тому времени уже миновали, и у нас там не было больших проблем. Я служил в одной из запасных пехотных частей в Бельгии. Но когда стало известно, что я говорю по-немецки, меня вернули в Париж на курсы разведки.

Наша миссия заключалась в том, чтобы проникать в крупные города. Сразу после того, как их освобождали от нацистов, мы предоставляли досье на людей, которых следовало судить за военные преступления. Так мы передвигались из одного города в другой, пока не вышли на Эльбу в районе Магдебурга и не узнали, что советские войска тоже находятся рядом.

**– А как вы попали в состав той исторической группы, которая встречалась с советскими солдатами?**

– Мой капитан получил задание выйти на берег и вступить в переговоры с русскими, чтобы мы могли координировать действия. Дело в том, что та сторона Эльбы, на которой находились наши части, входила в состав послевоенной советской оккупационной зоны, и генерал Дуйат Эйзенхауэр не хотел, чтобы две армии перемешались друг с другом, поскольку это могло привести к проблемам. Мой капитан должен был сказать русским, что мы отойдем с этих позиций, но на это потребуется несколько месяцев. Капитан искал переводчика, который помог бы ему. У него была секретная карта с обозначением оккупационных зон, и об этом нужно было сообщить русским. Немцы не должны были знать эту информацию. Так или иначе, начальство не нашло никого, кто говорил бы по-русски, и вспомнило обо мне. Капитан сказал: «Ты же переводчик, пойдешь со мной». Я попытался было объяснить, что не говорю по-русски и ничем не смогу помочь. Он был непреклонен: «Бери карту, и пошли!»

Мы сели в лодку и доплыли до середины реки, так чтобы русские увидели нас и поняли, что это американцы. Советские солдаты приняли нас потрясающе: провезли по своей территории, угостили водкой. Мне тогда было 19 лет, и я еще не знал, что такое стакан водки. Лучше бы я не пил столько.

Уже позднее я сообразил, почему нас принимали так хорошо. Увидев, что мы не немцы, русские поняли, что это конец войне. Они праздновали эту победу вместе с нами. Да, битва за Берлин еще продолжалась, и до официальной капитуляции Германии оставалось еще больше двух недель, но все мы понимали, что выиграли войну.

**– До этой встречи вы знали только одно слово по-русски...**

– «Товарищ», но это не слишком-то помогло мне тогда (смеется). Когда стало ясно, что я не смогу ничем помочь своему капитану, а среди русских никто не говорит по-английски, они отвезли его вглубь своих позиций и там нашли переводчика. Я же оставался на берегу, и мы как-то пытались объясниться с одним из советских солдат. Он говорил мне «Москва», я отвечал ему «Нью-Йорк», и так мы «разговаривали». Мы угощали друг друга. Я его сигаретами, он меня водкой.

**– А откуда вы узнали слово «товарищ»?**

– В Нью-Йорке. У нас был русский друг, с которым мы были очень близки. Он играл на аккордеоне в русском ресторане. Этот человек всегда называл меня «товарищ».

**– Что вы думаете о той встрече на Эльбе?**

– Тогда я не задумывался. Все шло само собой. С годами стал понимать, насколько важна была эта встреча с русскими. Мы были союзниками, и это работало. К сожалению, так продолжалось недолго. Но оглядываясь назад, ты всегда стараешься остановиться и сказать: «Эй, ребята, мы когда-то были друзьями – почему бы нам не попробовать еще раз?»

**– Вы каждый год участвуете в церемонии у мемориальной доски «Дух Эльбы» на Арлингтонском кладбище близ Вашингтона. Это для вас важно?**

– Очень. Я не знаю, кто установил этот небольшой знак, но российское посольство в США проводит там церемонии каждый год. Каким-то образом организаторам удалось проведать, что я участвовал во встрече, и они пригласили меня. Мне показалось неправильным, что американцев на нее приходит не так много, в отличие от стран бывшего СССР. В общем, я написал письмо тогдашнему сенатору от моего штата Вирджиния Джону Уорнеру. Он организовал американскую делегацию на следующую церемонию, пришли люди из министерства обороны, но никто не догадался возложить венок. Тогда я решил сам принести венок, и русские поставили его на самое почетное место. Так я понял, что для них это важно.

**– Вам не кажется, что русские и американцы недооценивают роль друг друга в победе?**

– К сожалению, наши власти до сих пор слишком по-разному смотрят друг на друга. Каждый считает, что он главный, а все остальные должны следовать за ним. К сожалению, это соперничество слегка вышло из-под контроля. В принципе конкуренция – это нормально, но не когда она приводит к хаосу.

**– Что скажете президенту Дональду Трампу, если он попросит совета, как наладить отношения с Россией?**

– Пандемия коронавируса показывает нам точки соприкосновения. Мы вместе оказались в этой ситуации и ищем пути выхода из нее. Нам нужно объединиться и стать чуточку ближе друг к другу. Решения проблем можно найти только в сотрудничестве, а не в конфронтации.

**– Может быть, нам нужна «новая Эльба»?**

– Есть много вариантов сотрудничества. Борьбу с вирусом я привел как пример. Но есть много других направлений для совместной работы – в частности, медицина, торговля. Да, мы можем производить похожие товары, но это не значит, что нам нужно воевать. Конкуренция – да, вражда – нет.

**– Вы несколько раз были в Москве. Что вам запомнилось?**

– Когда мы братались с советскими солдатами на Эльбе в 45-м, то приглашали друг друга: «Приезжай ко мне в Москву», «Приезжай ко мне в Нью-Йорк». Через 60 лет, на церемонии на Арлингтонском кладбище, я получил приглашение в Москву. Я поражен Парадом Победы на Красной площади, в особенности тем, как проходили 25 военных оркестров. Потрясающе!

**– Вы говорили, что в Москве вас принимали по-царски. Как?**

– Пригласили в Кремль на торжественный обед. Мы были вместе с военными, произносили тосты, и я опять пил водку. Это было замечательно. В 2020 году меня снова пригласили в Москву. Но мне уже 94 года. Я вежливо отказался, но приду на церемонию на Арлингтонском кладбище. Правда, сейчас все идет к тому, что ее отменят из-за коронавируса. Надеюсь, церемония будет позднее. Такие встречи важны – прежде всего для детей, чтобы они знали, что мы были союзниками. Да и нам следует задуматься: когда-то мы были вместе, так почему бы не попробовать еще раз?

**Войска 1-го Белорусского и 1-го Украинского фронтов 26 апреля 1945 года завершили окружение берлинской группировки немецко-фашистских войск.**

***Аци бæнтти нæ республики дæр æнхæстгонд цæуй Цитгин Уæлахези кадæн арæзт Еугуруæрæсеуон акци «Кæдзосдзийнади сæрбæлтау». Æ нисантæ æнцæ: æхсæнади медæгæ историон-культурон уодварни гъомусадæ федардæр кæнун. Фæсевæди хестæр фæлтæрти фарнæбæл æхцул кæнун, æдзард тугъдонти циртитæ, номерæн комплекстæ æма мемориалтæ гъуд кæнун.***

**Æ ФИДТÆЛТИ НАМУСÆН КАДÆ КА КÆНУЙ, Е ÆХУÆДÆГ ДÆР КАДИ АККАГ ÆЙ!..**

# «УÆЛАХЕЗИ ЭСТАФЕТÆ» – ЦÆГАТ ИРИСТОНИ

Цуппаринсæй анзи æнхæст кæнуй, Устур Фидибæстон тугъди советон адæмтæ фашистон Германибæл ку фæуууæлахез æнцæ, уобæл. Æма аци алæмæти агъазиау цау кадгинæй исбæрæг кæнуни фæдбæл Уæрæсей арæзт цæуй берæ аллихузон номерæн мадзæлттæ. Зæгъæн, нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей кадæн Белоруссий сахар Брестæй Уæрæсей Федераций сæйраг сахар Мæскумæ рабалци кодта «Уæлахези эстафетæ». Е рацæудзæнæй, раздæри Советон Цæдеси исконди ка адтæй, еци нури хуæдбарæ паддзахæдти хонсайраг арæнтæбæл.



Аци арфиаг гъуддаги архайуй Цæгат Иристон дæр. Æрæги нæ республики арæнтæ гъæуайгæнæг æдасдзийнади федералон службæ «Уæлахези эстафетæ» райста Мæхъæли республики арæнтæ гъæуайгæнæг управленийæй. Уой фæдбæл Дзæуæгигъæуи Намуси Аллея мемориали арæзт æрцудæй кадгин фембæлд, архайдтонцæ си нæ республики Хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег**, республики арæнтæ гъæуайгæнæг службi разамонгутæ, Дзæуæгигъæуи кадетон къласти æма еумæйагахурадон скъолати ахурдзаутæ.

Томайти Ирбег нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** номæй райарфæ кодта мадзали архайгутæн æма загъта:

– Аци эстафетæ рацæудзæнæй нæ республики муниципалон исконди, мемориалон комплекстæ æма æндæр зæрдæбæлдарæн бунæтти. Е ахсгиаг æй, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма нæ ирæзгæ фæлтæртæ гъæуама бæлвурдæй зононцæ, цæйбæрцæбæл агъазиауæй-агъазиаудæр хъиамæттæ бакодтонцæ нæ Фидибæсти сæребарæдзийнади, нæ Цитгин Уæлахези сæрбæлтау.

Уæлахези эстафети хæццæ баст кадгин мадзæлттæ æма митингтæ Цæгат Иристони зæнхæбæл уодзæнæнцæ 23 апърелæй 30 апърели уæнгæ. Цæгат Иристонæй ба «Уæлахези эстафетæ» лæвæрд æрцæудзæнæй Хонсар Иристонмæ.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**ЕВГЪУД РÆСТÆГУТИ ЦАУТИ ÆВДЕСÆНТÆ**

# АЙДАГЪ ТУГЪДИ БУДУРИ НÆ ЦУДÆЙ КАРЗ ТУГЪД

Еумæ райсгæй ба, англисæгтæ, кæд не 'мцæдесонтæбæл нимад адтæнцæ, уæддæр, фадуат син кæми уидæ, уоми ба нин аразтонцæ аллихузон цæлхдортæ. Зундгонд æй, Устур Фидибæстон тугъди фиццаг рæстæгути нæ Гæрзефтонг тухтæ ци уæззау уавæри бахаудтæнцæ, е. Нæ бæсти разамунд Америки Еугонд Штатти æма Англиси хецауади размæ еу æма дууæ хатти не 'рæвардта, цæмæй се 'фсæдти фæрци дуккаг фронт байгон кодтайуонцæ, уой туххæй фарста. Уæд нæ уавæр зингæ хуæздæр фæцайдæ, немуцаг-фашистон æрбалæборгути барæ-æнæбари дæр багъудайдæ сæ хъауритæ ниддехтæ кæнун.

Фал не 'мцæдесонтæ алли рæуæнттæй фæстæтæрæ кодтонцæ, дуккаг фронт байгон кæнуни æмгъудæн исон-исонтæ кодтонцæ. Райдайæни зæрдæ байвардтонцæ 1942 анзæй, фæстæдæр – 1943 анзæй. Уомæй дæр ку неци рауадæй, уæд син Сталин карзæй бауайдзæф кодта. Гæнæн син нæбал адтæй, æма æмгъуд искодтонцæ 1944 анзи уалдзæгмæ. Операци исхудтонцæ «Оверлорд». Гъæуама æмцæдесонти æфсæдтæ æрбахизтайуонцæ Францимæ. Цæгаттаг билгæронбæл. Цæмæй уотæ рауадайдæ, уобæл Сталин, зæгъæн ес, лæргдухæй байархайдта, уомæн æма Англиси премьер-министр Уинстон Черчилль æ бицъинæг æскъудта, цæмæй се 'фсæдтæ Европæмæ бампурстайуонцæ Балканти 'рдигæй. Æ сосæг фæндæ адтæй, цæмæй америкаг æма англисаг æфсæдтæ Европи Хонсар-Искæсæн паддзахæдти зæнхитæмæ байервазтайуонцæ Сурх Æфсади разæй. Æ загъд адтæй: «Гъæуама мах ма бауадзæн Балканти, уæдта, ка 'й зонуй, Италий коммунизаци...»

Куд адтæй, ци адтæй, уæддæр Черчиллæн æ фæндитæй неци рауадæй, фудевгед си фæцæй, уомæн æма сæ нихмæ федар фæллæудтæй Иосиф Сталин.

Валентин Бережков æ киунуги ма куд финсуй, уотемæй Англиси фæсарæйнаг гъуддæгути министр Антон Иден 1941 анзи Сталини хæццæ фембæлгæй ин уотæ ку зæгъидæ:

– Нур Гитлер лæууй Мæскуй бунмæ, Берлин ба ма хъæбæр идард æй...

Сталин имæ бакастæй, еу рæстæг неци исдзурдта, уæдта ин сабургай уотæ бакодта:

– Неци кæнуй, уруссæгтæ дууæ хатти адтæнцæ Берлини, уодзæнæнцæ си æртиккаг хатт дæр...

Фæстæдæр Аверел Гарриман, Америки Еугонд Штатти минæвар Советон Цæдеси, куд имиста, уотемæй ин Потсдами конференций рæстæги Сталини хæццæ радзубанди кæнуни равгæ ку фæцæй, уæд ин фарсти хузи загъта:

– Æвæдзи дин æхцæуæн æй, уæ бæстæ ци зиндзийнæдтæ бавзурста, уой фæсте ами, немуци зæнхæбæл ке дæ, е?

Сталини дзуапп адтæй хуæрзцубур:

– Паддзах Александр бахъæрттæй Парижмæ дæр...

Рæхги ке цуппаринсæй анзи бæрæг кæндзинан, нæ еци Цитгин Уæлахез нæ адæмæн кутемæй бантæстæй, уой фæдбæл еугур хабæрттæ дæр нин гъæуама зундгонд уонцæ бæлвурдæй æма æнхæстæй. Æма нин уоми ба, мæнмæ гæсгæ, хуарз агъазгæнæг исуодзæнæй Валентин Бережкови киунугæ «Дипломатон историй сифтæ» дæр.

***ХÆМИЦАТИ Морис***

**ХОНÆН УÆ!..**




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 887**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 25.04.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 25.04.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**